

**Prezidan Henry B. Eyring**  
Premye Konseye nan Premye Prezidans lan



# Pwomès pou fè kè yo vire a

**M**anman m, Mildred Bennion Eyring, te grandi nan kominote agrikòl Granger la, nan Uta, nan Etazini. Youn nan frè l yo, Roy, te suiv biznis elve mouton fanmi an. Pandan l te jèn, li te konn pase plizyè semèn lwen lakay li. Avèk letan, li te vin mwens enterese nan Legliz la. Finalman li te demenaje ale Idaho, nan Etazini, li te marye, epi l te gen twa pitit. Li te mouri nan laj 34 tran pandan ke madanm ni te gen 28 tan epi timoun yo te piti.

Malgre fanmi Roy t ap viv Idaho epi manman m te demenaje al viv yon distans 4.025 kilomèt nan New Jersey, nan Etazini, li te toujou ekri yo lèt lanmou ak ankourajman. Avèk afeksyon, fanmi tonton m nan te rele manman m “Tant Mid.”

Anpil ane te pase, epi yon jou m te resevwa yon apèl telefòn nan men youn nan kouzen m yo. Li te di m madanm Roy te mouri. Kouzen m nan te di: “Tant Mid t ap vle pou w konn sa.” Tant Mid te mouri depi lontan, men fanmi an te toujou santi amou li e yo te vle fè m konnen.

Sa te frape m pou m te wè kijan manman m te ranpli yon wòl nan fanmi li tankou wòl pwofèt Nefit yo te ranpli nan fanmi yo a kote yo te rete pwòch fanmi yo yo te vle mennen nan levanjil Jezikri a. Nefit te ekri yon resi li te espere k t ap enfliyansè pitit frè l yo pou fè yo retounen nan lafwa papa yo, Leyi: Pitit gason Mozya yo te montre menm lanmou sa a lè yo t ap preche desandan Leyi yo levanjil la.

Senyè a prepare mwayen pou ke nan fanmi nou nou santi lanmou ki ka kontinye pou tout tan. Jèn yo nan

Legliz la jodia ap santi kè yo vire sou fanmi yo. Y ap chèche non manm fanmi yo ki pa t gen opòtinite pou yo te resevwa òdonans sali yo nan lavi sa a. Yo pote non sa yo nan tanp. Lè yo antre nan dlo batèm nan, yo gen opòtinite pou yo santi amou Senyè a ak amou manm fanmi sa yo y ap fè òdonans pa pwokirasyon pou yo a.

Mwen ankò sonje lanmou ki te nan vwa kouzen m nan ki te rele m nan e ki te di: “Manman nou mouri wi, e Tant Mid t ap renmen pou w konnen sa.”

Sa nan pami nou yo ki fè òdonans pou manm fanmi yo ap lonje lamèn nan lanmou, jan pitit gason Mozya yo ak pwofèt Nefit te fè a. Menmjan avèk yo, n ap santi lajwa pou moun sa yo ki akseptè ofrann nou an. Nou ka atann pou n santi menm gwo satisfaksyon Amon an, ki te apwopo travay misyonè li pami manm fanmi elwaye l yo:

“Se poutèt sa, an nou rejwi wi, n ap rejwi nan Senyè al wi, n ap rejwi paske nou ranpli ak lajwa; wi, n ap louwe Bondye pou tout tan. Gade, kiyès ki kapab louwe non Senyè a twòp? Wi, kiyès ki kapab pale twòp sou gwo pouvwa li a, ak mizèrikòd li, ak andirans li pou byen lèzòm? Gade, m ap di nou, m pa kapab di ti kal nan sa m santi” (Alma 26:16).

Mwen rann temwayaj ke santiman lanmou nou genyen pou manm fanmi nou yo—kèlkeswa kote yo ye—se yon akonplisman pwomès ki di Eli te vini an. Li te vini. Kè pitit yo vire sou papa yo, epi kè papa yo vire sou pitit yo (gade Malachi 4:5–6; Joseph Smith—Istwa 1:38–39). Lè nou santi

pouse pou nou chèche non zansèt nou yo epi pote non sa yo nan tanp lan, se eksperyans akonplisman pwofesi sa a n ap fè.

Se yon benediksyon pou n viv nan epòk sa a kote pwomès pou vire kè yo a ap akonpli a. Mildred Bennion Eyring te santi pouse sa a nan kè li. Li te renmen fanmi frè l la, epi li te lonje lamèn ba yo. Yo te santi kè yo vire avèk amou sou Tant Mid paske yo te konnen li te renmen yo.

---

## ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Ou gen dwa vle li pwofesi sou espri Eli a avèk moun w ap vizite yo (gade Malachi 4:5–6; Joseph Smith—Istwa 1:38–39). Diskite sou fason pou yo vin angaje nan istwa famiyal, ansanm avèk zouti tankou endeksing, foto, ak blòg. Si moun w ap vizite yo pa abitye avèk bagay sa yo FamilySearch.org, panse pou w pran yon ti tan pou montre yo.

## JÈN YO

### Aprann konnen grann mwen

Jewelene Carter

**P**ou youn nan pwojè Jènfi m yo, mwen te aksepte ede grann mwen chèche zansèt li yo nan vire mikwofim nan sant istwa famiyal la nan Mesa, nan Arizona, Etazini. Pandan nou te chita kòtakòt ap chèche fanmi nou, m te kòmanse ap mande tèt mwen: “Èske m reyèlman konn tout bagay sou grann mwen ki chita bò kote m nan?”

Nou te jwenn anpil manm fanmi, nou te prepare enfòmasyon yo, epi nou t ale nan tanp Mesa a nan Arizona pou n te fè batèm ak konfimasyon. Yon ti bout tan apre, grann mwen te ban m yon konpilasyon sou istwa famiyal li.

Paske li soufri ak doulè rimatis, li trè difisil pou grann mwen tape. Mwen renmen ede l sou konpitè a. Ansanm, nou ekri istwa lavi li pou benefis espiyèl fanmi nou. Mwen renmen patisipe nan lavi li ak aprann si anpil sou istwa Legliz la pandan m ap kolabore nan pwojè sa yo.

*Otè a ap viv nan Virginie, nan Etazini.*

## TIMOUN

### Lanmou nan kay la

*Syèl la anwo a kontan*

*Lè gen lanmou nan kay la;*

*Tout mond lan ranpli ak lanmou*

*Lè gen lanmou nan kay la.*

*(“Dans nos foyers tout est beau,” Cantiques, no. 186)*

Pè Selès la vle nou renmen fanmi nou pou nou ka gen lajwa. Plis nou sèvi fanmi nou, se plis n ap renmen Pè Selès la ak manm fanmi nou.

Desine kè sou yon moso papyè epi koupe yo. Ekri bèl ti nòt oubyen fè desen sou yo epi voye yo bay manm fanmi ou san yo pa konn kiyès ki voye yo. Veye pou wè kijan sa ap fè yo kontan!



Lafwa, Fanmi, Sekou

# Misyon divin Jezikri: Avoka

*Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konn kisa pou nou pataje. Nan ki fason konprann lavi ak misyon Sovè a ogmante lafwa nou nan li epi beni moun n ap veye sou yo atravè vizit nan fwaye a? Pou plis enfòmasyon, ale nan [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org)*

*Sa se yon pati nan yon seri Mesaj Vizit nan Fwaye ki dekri kèk aspè sou misyon Sovè a.*

Jezikri se Avoka nou devan Papa a. Mo *avoka* a gen rasin Latèn ki vle di “yon moun k ap plede pou yon lòt.”<sup>1</sup> Sovè a ap plede pou nou, l ap itilize konpreyansyon, jistis, ak mizèrikòd. Lè nou konnen sa, sa ka ranpli nou avèk amou ak gratitud pou Ekspyasyon an.

“Koute moun ki se avoka devan Papa a, k ap plede kòz nou devan li a—

“Ki di: Papa, gade soufrans ak lanmò moun ki pa t fè peche a, moun ki te fè ou plezi a; gade san Pitit Gason ou nan ki te koule a, san moun ou te bay pou ou menm ou te kapab glorifye a;

“Se poutèt sa, Papa, epanye frè m sa yo ki kwè nan non mwen yo, pou yo kapab vin jwenn mwen epi pou yo gen lavi etènèl” (D&A 45:3–5).

Konsènan Kris la kòm Avoka nou, Èldè D. Todd Christofferson

nan Kolèj Douz Apot yo te di: “Sa gen gwo siyifikasyon pou mwen, dèske nenpòt kilè e nan nenpòt sikonstans m ka apwoche twòn lagras la pa mwayen lapriyè, dèske Papa m ki nan Syèl la ap tande priyè mwen, dèske Avoka m nan, li menm ki pa t peche a, li menm yo te vèsè san l lan, ap plede kòz mwen.”<sup>2</sup>

## **Nan ekriti yo**

Mozya 15:8–9; Mowoni 7:28; Doktrin ak Alyans 29:5; 110:4

## **Nan Istwa Nou**

Atravè tout istwa Legliz Senyè a, fi ki te disp Jezikri yo te suiv egzanp li. Estè sete yon avoka fidèl ak plen kouraj. Kouzen li, Madoche te voye yon kopi lòd wa a te bay pou yo te detwi tout Juif yo, epi li te mande l pou l te “al bò kot [wa a] pou mande l gras pou pèp li a.” Li te ajoute: “Ou pa janm konnen si se pa pou move pa sa a ou te vin rèn jounen jodia?” (Estè 4:8, 14.)

Malgre danje ki te genyen nan al plede kòz pèp li a, Estè te dakò: “M aval kote wa a, atout lwa a defann sa. Si se pou m mouri, ma mouri” (Estè 4:16).

Après Estè te pale enbleman avèk wa a epi “li te lage kò l nan pye l ap kriye, epi li te mande l . . . pou l revoke lòd. . . pou te detwi Juif yo.” Li te ajoute: “Mwen pa ka rete konsa pou m wè destriksyon pèp mwen an.” (gade Estè 8:3, 5–6). Kè wa a te adousi, epi li te aksepte sa l te mande a.<sup>3</sup>

## **NÒT**

1. Gade Russell M. Nelson, “Jesus Christ—Our Master and More” (Kwèndfe nan Inivèsite Brigham Young, 2 Fev 1992), 4; [speeches.byu.edu](http://speeches.byu.edu).
2. D. Todd Christofferson, “I Know in Whom I Have Trusted,” *Ensign*, Me 1993, 83
3. Gade tou *Filles dans mon royaume: L'histoire et l'oeuvre de la Société de Secours* (2011), 180.

## **Konsidere bagay sa a**

Kijan lefèt ke Jezikri se avoka nou an kapab enspire nou pou n bay lòt moun mizèrikòd ak padon?